

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra geus aya saméméh manusa maham kana sagala hal anu disebut sastra. Gumelarna téh taya lian alatan ayana motivasi ti diri manusa dina lakuning nyumponan pangabutuh batinna.

Karya sastra ogé mangrupa struktur anu kompléks. Ku kituna, sangkan bisa maham kana eusina, kudu dianalisis (Hill dina Pradopo, 2012, kc. 108). Dina prosés nganalisis tangtu kudu ngagunakeun salasihiji téori sastra, di antarana nya éta téori struktur.

Karya sastra anu aya di wilayah tatar Sunda, anu perlu disalametkeun dina wangun lisan, atawa wangun tinulis di antarana nyangkaruk dina naskah.

Kiwari, naskah-naskah Sunda loba anu leungit. Padahal, dina naskah-naskah téh bisa waé ngandung hal-hal anu penting pikeun masarakat jaman kiwari. Upamana waé ngandung sejarah, agama, adat-istiadat, mantra, paririmbong, sastra, jeung sajabana, anu ngandung ajén-ajén atawa pituduh ti karuhun pikeun masarakat Sunda. Hanjakalna, naskah-naskah téh loba anu ditulis dina kertas anu babari ruksak alatan teu dipiara ku nu bogana. Sakapeung éta naskah dianggap teu penting, sabab loba anu teu bisa maca naskah, atawa naskah téh dijadikeun barang anu sakral. Ku kituna aya sababaraha tarékah pikeun nyalametkeun eusi naskah, di antarana nya éta ku cara ditalungtik. Ieu panalungtikan téh bisa ku cara ditransliterasi, dianalisis, jeung bisa dijadikeun pikeun bahan ajar.

Saenyana mah, karya sastra téh geus dipikawanoh ku masarakat saméméh maranéhna nyaho kana studi sastra. Ku kituna, karya sastra mangrupa hasil budaya titinggal karuhun anu kudu dipaliré jeung dimumulé. Ayana karep masarakat pikeun ngamumulé karya sastra tangtu waé bakal mangaruhan kana kamekaran sastrana sorangan. Salasihiji tarékah masarakat pikeun ngamumulé di

Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

antaranya ngadokuméntasikeun karya sastra buhun anu sipatna lisan atawa tulisan. Dina wangun dokuméntasi karya sastra buhun aya anu sipatna tinulis, nya éta wangun naskah. Saméméh aya buku nu dicetak, masarakat Indonesia geus wanoh kana wangun naskah.

Baried (1985, kc. 54) nétélakeun anu disebut naskah nya éta: “*Objek penelitian filologi yang konkret yang berupa tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan hasil budaya bangsa masa lampau*”

Dumasar wangenan di luhur, naskah mangrupa objék kajian filologi anu sipatna konkret. Ku kituna, panalungtikan wawacan perlu diayakeun pikeun ngariksa naskah nu sumebar di masarakat. Hanjakalna pikeun nalungtik naskah nu mangrupa koléksi pribadi téh sok hésé, ku sabab masarakat nganggap yén naskah téh benda sakral, jadi sok disumputkeun.

Ditilik tina eusina, naskah Sunda réa diréka dina wangun wawacan. Wawacan nya éta carita anu didangding, gelar dina wangun pupuh. Wawacan mangrupa karya sastra buhun pangaruh tina sastra Jawa, lantaran pupuh nu ngawangun leunjeuran carita dina wawacan téh asalna ti Jawa. Wawacan biasana sok ditembangkeun dina wangun seni beluk (Iskandarwassid, 2003, kc. 168).

Ieu panalungtikan leuwih museur sarta dihususkeun pikeun néangan struktur nu aya dina *Wawacan Surya Ningrum* nu disaluyukeun jeung KI-KD salaku bahan pangajaran di SMA, nya éta dina kaparigelan maca carita buhun.

Sakumaha katerangan di luhur, anu dijadikeun objék panalungtikan nya éta *Wawacan Surya Ningrum*. Ieu Wawacan téh asalna ti Apih Usin. Perenahna di Kampung Tugu, Désa Cipeundeuy, Kacamatan Suradé, Kabupatén Sukabumi. Aksara anu digunakeun nya éta Aksara Pégon. Kandelna 365 kaca, diwangun ku 14 rupa pupuh (kanto), nya éta pupuh asmarandana, sinom, dangdagula, kinanti, durma, pucung, pangkur, gambuh, wirangrong, mgatru, maskumambang, juru demung, mijil, jeung lambang.

Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu wawacan eusina ngeunaan kasatiaan Surya Ningrum ka nu jadi salaki. Runtuyan caritana diwangun ku tokoh-tokoh tina pasipatan jalma, Surya Ningrat, Surya Ningrum, Raja Duryan, Raja Salkam, jeung réa-réa deui.

Dumasar kana Peraturan Daérah Jawa Barat nomer 5 taun 2003, Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda diwajibkeun ti mimiti SD nepi ka SMA. Ku kituna, dina *Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar* (KIKD) mata pelajaran basa jeung sastra Sunda kaasup kana muatan lokal anu wajib diajarkeun di SMA. Pangajaran basa jeung sastra Sunda ngabogaan tujuan pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa reueus kana basa jeung sastra Sunda, paham kana basa jeung sastra Sunda, sarta mampuh maké basa Sunda kalawan bener tur merenah.

Panalungtikan ngeunaan naskah nu geus dilakukeun ku Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah di antarana. “*Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan Nabi Yusuf*” (Eva Novianti, 2004). “*Analisis Struktur Wawacan Lokayanti*” (Erni Rustini, 2005). “*Analisis Struktur Wawacan Rara Mendut*” (Rusmayanti, 2008). “*Struktur jeung Ajén Moral dina Wawacan Simbar Kancana pikeun Bahan Pangajaran di SMA*” (Irman Aprisa Nugraha, 2009). “*Struktur dina Wawacan Carios Munada pikeun Bahan Pangajaran di SMA*” (Rija, 2009). “*Analisis Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Wawacan Ratu Déwi Maléka*” (Dévi Cahyani Wulansari, 2009). “*Analisis jeung Ajén Budaya dina Wawacan Panji Kusumah pikeun Bahan Pangajaran di SMP*” (Néndén Sri Utari, 2010)

Dumasar katerangan di luhur, *Wawacan Surya Ningrum* di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI nepi ka danget ieu can ditalungtik. Ku kituna kacida payusna upama diayakeun panalungtikan kana éta naskah dina wangun skripsi. Judul ieu panalungtikan téh nya éta “*Analisis Struktur Wawacan Surya Ningrum pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Buhun di SMA Kelas XII*”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sangkan ieu panalungtikan jéntré tur puguh guluyurna, sarta teu lega teuing, ku kituna perlu diwatesanan. Patali jeung éta hal, watesan masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- a. Déskripsi *Wawacan Surya Ningrum*
- b. Transliterasi *Wawacan Surya Ningrum*
- c. Analisis struktur nu ngawengku palaku, galur, latar, jeung téma?
- d. Hasil analisis struktur *Wawacan Surya Ningrum* dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bakal diwincik saperti ieu di handap:

- a. Kumaha déskripsi *Wawacan Surya Ningrum*?
- b. Kumaha transliterasi *Wawacan Surya Ningrum*?
- c. Kumaha analisis struktur nu ngawengku palaku, galur, latar, jeung téma?
- d. Kumaha ngalarapkeun hasil analisis struktur carita *Wawacan Surya Ningrum* pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun di SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sakumaha anu diungkarakeun dina rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal, di antarana pikeun ngariksa budaya daérah anu aya dina naskah-naskah buhun sangkan dipikawanoh ku balaréa.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan aya opat, nya éta:

- a. Ngadéskripsikeun *Wawacan Surya Ningrum*;
- b. Transliterasi *Wawacan Surya Ningrum*;

Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Ngaanalisis struktur *Wawacan Surya Ningrum* nu ngawengku palaku/watek, alur, latar, jeung téma.
- d. Ngalarapkeun hasil analisis struktur carita *Wawacan Surya Ningrum* pikeun bahan pangajaran di SMA.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat:

1. pikeun ngaraksa jeung ngariksa karya sastra buhun sangkan teu leungit;
2. pikeun nambahan pangaweruh hususna kana paélmuan filologi;
3. pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasustraan Sunda, hususna genre wawacan; jeung
4. pikeun nambahan informasi ngeunaan kajian struktur anu aya dina *Wawacan Surya Ningrum*.

#### **1.5 Sistematika Nyusun Skripsi**

##### **Bab I**

Bab 1 mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

##### **Bab II**

Bab II mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan téori-téori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, struktur, jeung bahan ajar maca carita buhun.

##### **Bab III**

Bab III mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan kumaha métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan sumber data, métode jeung téhnik panalungtikan katut désain panalungtikan, ogé kumaha cara ngumpulkeun data jeung ngolah data panalungtikan.

Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu




**Bab IV**

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskrupsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun. Hasil panalungtikan bisa katitén dina ieu bab.

**Bab V**

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun pikeun nu maca. Éta saran téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.



Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)